

Kijan pou Evite Magouy Kont Imigran yo



Eske ou bezwen èd pou sa konpran pwosesis imigrasyon an, oubyen pou ranpli fòm imigrasyon yo ? Ke grinn kat ou wap renouvle, ke wap vinn sitwayen oubyen pou eseye chwazi bon fòm yo, zafè imigrasyon kapab konplike epi tou li enpòtan pou bagay yo fèt byen.

Chwazi moun ki ka ede ou lan preske osi enpòtan ke ranpli bon fòm lan, oubyen ranpli li kòrekteman. Èd ke yo ap fè reklam pou li an nan vitrinn magazen, sit entènèt, jounal, radyo – menm nan men moun ke ou konnen – ka pa bon pou ou. Moun ki rele tèt yo notè – oubyen dè fwa espè nan zafè imigrasyon – pa ka ede ou. Yo ap fè ou peye kòb, men yo pap vrèman ede ou. Dè fwa, yo fè bagay ki ap gate chans pou emigre legalman.

Menm moun ki de bònfwa – yon zanmi, yon pastè, yon pwofesè, oubyen yon fanmi – ka fè ou gen pwoblèm pi devan. Moun ki ap ede ou yo ta dwe ekri oubyen tradui sa ou di yo sèlman; se pa pou yo ba ou konsèy sou sa pou di ni ak ki fòm pou ou sèvi. Pou jwenn èd ki ka itil ou, travay ak moun ki gen otorizasyon gouvènman ameriken pou ede ou. Travay ak yo ap proteje ou de magouyè yo.

Gen de fwa magouyè yo fè ou peye pou fòm vièj gouvènman yo; yo di yo gen yon relasyon espesyal ak gouvènman an, oubyen yo garanti yo ap jwenn resilta pou ou. Yo ka pwomèt ou ke yo ap fè ou jwenn yon plas nan “Diversity Visa lottery” si ou bay on kòb. Yo ka mande ou anpil kòb, swadizan pou garanti pwoteksyon estati tanporè an oubyen jwenn benefis ke ou pa kalifye pou resevwa. Yo madre anpil lè pou yo jwenn jan pou yo fè magouy.

Men kijan pou evite magouy epi jwenn bon jan èd.

Kijan pou Evite yon Magouy

- Pa ale kote notè oubyen notè piblik pou pran konsèy legal. Ozetazini notè pa avoka: yo pa ka ba ou konsèy legal oubyen pale ak ajans gouvènman yo pou ou, tankou Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte (USCIS) oubyen Komite pou Apèl nan zafè Imigrasyon (BIA). Yon notè piblik pa nesèsman yon avoka nonplis, epi li pa gen dwa ba ou konsèy legal.
- Pa janm peye pou okenn fòm gouvènman ki vièj. Fòm gouvènman yo gratis menm si ou ka gen pou peye lè ou depoze pyès yo nan USCIS (imigrasyon). Ou gen dwa jwenn fòm imigrasyon yo gratis nan www.uscis.gov/forms, oubyen rele USCIS nan 1-800-870-3676, oubyen ale nan biwo lokal USCIS ou an.
- Pran enfòmasyon nan sit entènèt gouvènman ameriken. Kèk magouyè monte sit entènèt ki sanble ak pa gouvènman an, men se pa sa yo ye. Asire ou ke sit entènèt ki sanble ak pa gouvènman an se yon pwèn gov (.gov). Sa vle di ke li soti nan gouvènman an.

- Pa kite okenn moun kenbe pyès original ou yo, tankou batistè ou oubyen paspò ou. Magouyè yo ka kenbe yo e ka pa remèt ou yo jiska se ke ou peye yo.
- Pa janm siyen yon fòm anvan yo ranpli li, oubyen yon fòm ki gen fo enfòmasyon ladann. Pa janm siyen yon dokiman ke ou pa konprann.
- Kenbe kopi tout fòm ke ou bay anvan ak tout lèt ki gen pou wè ak aplikasyon oubyen petisyon ou an ke gouvènman voye ba ou.
- USCIS (imigrasyon) ap ba ou yon resi lè ou depoze tout pyès ou yo. Kenbe li! Sa pwouve ke USCIS resevwa aplikasyon oubyen petisyon ou lan. Ou ap bezwen resi an pou tcheke estati aplikasyon ou an. Pakonsekan, asire ou ke yo remèt ou yon kopi.

Kijan pou Jwenn Bon Èd

Èd disponib, men gen règleman osijè de ki moun ki ka ede ou. Suiv règleman sa yo pou ou jwenn èd ke gouvènman ameriken otorize. Pran èd nan men yon moun ki pa kalifye pou bay konsèy legal- tankou yon notè – kapab pi grav ke si ou pat jwenn okenn èd. De gwoup prensipal gen dwa ba ou konsèy legal nan zafè imigrasyon oubyen reprezante ou: avoka ak reprezantan otorize.

Avoka yo

Avoka yo ka ba ou konsèy epi reprezante ou. Avoka yo oblije manmb “bawo” an – asosyasyon pwofesyonèl nan eta yo an. Asosyasyon leta-a ka pini, sispann oubyen menm revoke yon avoka ki vyole règleman yo. Asire ou ke avoka ke ou chwazi an gen bon rapò ak asosyasyon bawo an. Sa vle di ke yo pa nan pwoblem paske yo vyole règleman pou avoka yo. Ou ka jwenn avoka nan sit entènèt gouvènmantal ak non gouvènmantal yo.

Pou jwenn yon avoka imigrasyon gratis oubyen ki mande on ti kraze:

- Ale nan lis depatman lajistis ameriken eta pa eta (*US Department of Justice*).
www.justice.gov/eoir/probono/states.htm
- Rele USCIS (Imigrasyon) nan 1-800-375-5283 pou mande pou yon avoka nan zòn ou an.
- Ale nan lis bawo ameriken (*American Bar Association*) eta pa eta.
<http://apps.americanbar.org/legalservices/findlegalhelp/home.cfm>

Pou jwenn avoka nan zòn ou an ki travay pou imigrasyon:

- Ale nan lis asosyasyon avoka imigrasyon ameriken (*American Immigration Lawyers Association*). Avoka sa yo ka fè ou peye pou yo ede ou. www.aialawyer.com

Pou konnen si yon moun se yon avoka, epi pou konnen si yon avoka nan pwoblem paske li vyole règleman yo:

- Ale nan asosyasyon bawo leta (*State Bar Association*). Klike sou eta kote ou ap viv lan pou jwenn nimewo telefòn ou ka rele pou mande enfòmasyon sou yon avoka patikilye. www.statebarassociations.org
- Ale nan depatman lajistis ameriken (*US Department of Justice*) pou lis avoka ki pa ka pratike dwa.
www.justice.gov/eoir/discipline.htm

Reprezantan otorize

Reprezantan otorize pa avoka, men gouvènman ba yo dwa pou yo bay konsèy legal nan zafè imigrasyon. Yo ka reprezante ou tou. Fòk reprezantan sa yo travay ak yon òganizasyon gouvènman ameriken rekonèt ofisyèlman. Ke se reprezantan otorize oswa òganizasyon yo rekonèt sou yon lis Komite pou Apèl nan zafè Imigrasyon (BIA) kenbe nan depatman lajistis.

Pou jwenn yon reprezantan otorize:

- Ale nan lis reprezantan otorize eta pa eta ansanm ak òganizasyon kote yo travay yo ke yo rekonèt yo. Se sèlman yon moun ki ka reprezante ou, pa yon òganizasyon. Gade nan lis sa-a pou chèche non yon moun ki tou pre ou. Moun ki sou lis lan se reprezantan otorize tank yo kontinye travay pou òganizasyon ki sou lis la. Yo ka mande ou pou peye pou yo ede ou. www.justice.gov/eoir/ra/raroster.htm

Gen lòt moun ke gouvènman an bay dwa ede ou, yo pa dwe mande ou kòb. Etidyan ekòl de dwa gen dwa ba ou konsèy legal, si yo anba sipèvizyon yon avoka oubyen yon reprezantan otorize. Gen kèk moun ou ka konnen anedan kominote ou an ke USCIS (imigrasyon) rekonèt kòm “moun ki gen bon repitasyon,” moun sa yo ka reprezante ou, men yo pa ka chaje ou- epi se pou yo siyen on dokiman legal ki di ke yo pa p pran kòb nan men ou.

Rapòte Magouy

Magouy nan zafè imigrasyon ilegal. Si yon moun ou konnen te wè yap fè yon magouy nan zafè imigrasyon oubyen li te viktim, li enpòtan pou rapòte li bay Komisyon Echanj Federal (FTC) oubyen biwo komisè govènman nan eta kote ou rete an. Ale nan ftc.gov/complaint (oubyen rele 1-877-382-4357) oubyen klike sou kat ki nan: naag.org pou jwenn kijan pou antre an kontak ak komisè govènman nan eta kote ou rete an. FTC pa rezoud plent endividyèl. Olyede sa, FTC anrejistre tout plent yo nan yon bank enfòmasyon ki ansekirite sou entènèt lan ke lapolis dan lemond, ansanm ak plizyè fonksyonè federal, leta, ak fonksyonè lokal ki la pou repere tandans sa yo epi monte ka, sèvi.

Plis enfòmasyon ou ka bay, se plis rapò ou an ap ede moun ki pwal mennen ankèt la. Anketè yo genyen ou rekonesans pou otan de enfòmasyon ke ou santi ou alèz pou bay.

Tradiksyon an se yon koutwazi imigrasyon (USCIS)

Aprann kijan pou evite magouy kont imigran yo nan:
(nan lang angle)

ftc.gov/immigration

Aprenda cómo evitar las estafas contra inmigrantes en:

ftc.gov/inmigracion



Komisyon Echanj Federal
ftc.gov